

Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens

Sekretarya Achidyosèz Pòtoprens
56, Ri Pikan ak Lama
Pòtoprens - Ayiti

nan kolaborasyon ak

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè Commission Episcopale Nationale Justice et Paix

Secrétariat national
BP 1572
Port-au-Prince Haïti 6110
Tel 29 43 00 79
justicepaixha@yahoo.com
www.forumcitoyen.org.ht/jilap

**Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan
*Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince***

JE WÈ, BOUCH FÈT POU PALE

Mwa avril rive jen 2013

47

*Texte en français : voir pages 3 et 9
En cas de citation du rapport, veuillez indiquer la source*

Rapò 47 – Rapport 47

Lèt tou louvri pou tout Otorite Sivil, Lajistis ak Lapolis nan peyi a

Komisyon Nasyonal Jistis ak Lapè salye n ak anpil respè. Li kontan prezante **47yèm rapò** li sou kesyon vyolans nan zòn metwopolitèn nan. Rapò sila a rann kont sou sa k te pase nan peryòd **mwa avril rive mwa jen 2013**.

Dènye mwa a montre gen yon ti bese nan zafè vyolans ak zam nan zòn metwopolitèn nan. Apa sa, toujou genyen aksidan trafik ki vin pi plis nan mwa sa yo, epitou toujou genyen kidnapi, brakaj, òldòp ak vòl k ap fèt ak zam k ap kontinye toujou.

Komisyon an panse gwo defi a se pou rezilta timid sila a kapab dire, pou vyolans nan sosyete a kapab fè bak toutbon. Men ki sa k fè n genyen dout, zam yo toujou la nan men sitwayen ak sitou nan men gwoup ame yo. Nan kèk katye plis zam ap antre toujou. Sa montre pratik pouvwa a ak politisyen yo pokò chanje : se ak fòs ilegal yo vle kontwole teren an. Nenpòt lè, vyolans la kapab reprann ak plis fòs selon sa konjonkti politik la mande, tankou nan moman eleksyon.

Nan rapò sa a, Komisyon an te reflechi sou kesyon lamedsin legal la ki prèske pa egziste nan peyi a. Se youn nan rezon ki fè ankèt yo pa janm abouti lè yon krim fin fèt ak nan lòt ka lamò ki sispèk, paske premye egzamen moun ki mouri a pa fèt kòm sa dwa pou pèmèt yon bon ankèt annapre.

Pou konbat ensekirite a, dapre Komisyon Jistis ak Lapè, pozisyon enstitisyon Leta yo ki la pou konbat kriminalite ak banditis dwe klè. Pa dwe gen dout nan lespri moun si se nan sèvis sa ki dwat yo ye, konsa, yo kab fè yo konfyans nèt ale. Komisyon an regrèt se pa konsa sa ye kounye a.

Sekretarya Komisyon an ap remèsye tout sèvis Leta yo ki te pèmèt li verifye kèk enfòmasyon ki la a, tankou HUEH ak PNH. Komisyon an salye n ak anpil respè, epi li di n mèsi pou atansyon n ap bay 47yèm rapò sila a.

La Commission Nationale Justice et Paix vous salue respectueusement. Elle a l'honneur de vous présenter **son 47^{ième} rapport sur la violence dans la zone métropolitaine**. Ce rapport couvre la période **des mois d'avril à juin 2013**.

Ce dernier mois on constaterait une certaine baisse dans la violence armée dans la zone métropolitaine. *Mais d'autres formes de violence répandues sont les accidents de voitures, le kidnapping, les braquages, holdups et vols à main armée.*

La Commission croit que le grand défi à relever est de faire durer ce résultat timide, pour que la violence diminue de façon réelle. C'est là que surgissent les doutes, parce qu'aucun désarmement n'a eu lieu ; au contraire des armes circuleraient plus librement dans certains quartiers. Ce qui prouve que les pratiques des autorités et politiciens n'ont pas encore changées : ils veulent contrôler le terrain avec la force illégale ; ainsi la violence peut se manifester n'importe quand, selon les besoins de la conjoncture politique, comme lors des élections.

Dans ce rapport la Commission produit des réflexions sur la médecine légale qui est presque inexistante dans le pays. C'est une des raisons qui explique pourquoi les enquêtes sur les crimes et autres cas de mort suspecte n'aboutissent pas, parce que même les premières expertises lors des faits ne sont pas faites pour permettre une bonne enquête en après.

Pour combattre efficacement l'insécurité il faut bien, d'après l'avis de la Commission, que la position des institutions étatiques qui ont pour mission de combattre la criminalité et le banditisme, soit claire. Il ne devrait pas y avoir de doute dans l'esprit des gens qu'elles soient au service de ce qui est droit, et qu'elles méritent une totale confiance de la part de la population. La Commission exprime ses regrets, parce que ceci n'est pas la réalité en ce moment.

Le secrétariat de la Commission remercie les instances de l'Etat qui lui ont permis de vérifier certaines informations ou données, comme l'HUEH et la PNH. La Commission vous salue et vous remercie de l'accueil que vous réserverez à ce 47^{ième} rapport.

Mme Jocelyne Colas, Directrice nationale

Jocelin Renord, Secrétaire général Jilap Achipo

Me. Apollon Rovelsond, Responsable d'observation

Fason nou analize vyolans nan Pòtoprens
Tableau synthèse de la violence à Port-au-Prince

		Mwa avril 78 viktim	Mwa me 115 viktim	Mwa jen 91 viktim
1. Sou idantite viktim yo				
Polis ak ajan sekirite ki viktim		1 polisye	2 polisye 2 ajan sekirite	1 polisye
Fanm ki viktim		5	12	13
Timoun ki viktim		1	2	-
Viktim yo pa konnen kilès yo ye		37	27	23
2. Sou lakòz lanmò yo				
Moun ki mouri ak bal		60	74	49
	Moun ki mouri ak bal lapolis/ Minustah	-	-	-
	Moun ki mouri nan afwontman ak polis / Ministah	-	-	-
	Moun ki mouri ak bal bandi ki nan gang	4	10	9
	Viktim afwontman ant gang	-	3	-
	Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantifye	56	61	40
Moun ki touye tèt yo		-	1	1
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt		12	11	9
Moun ki mouri nan aksidan		3	17	21
Moun ki mouri nan move tan		-	4	-
Lòt kòz ak sa yo pa konnen		3	8	11
3. Sou kèk katye : ki kote				
Bèlè, zòn Dèlma 2 ak 4, Fò Nasyonal ak Solino		5	2	6
Lasalin, Site Solèy, wout Nasyonal # 1 ak zòn Site Militè		4	12	3
Zòn Kafou		4	12	5
Gran Ravin ak Matisan		2	3	8
Petyonvil, wout Frè		5	14	7
Yo pa konn zòn nan / mouri lopital		7	6	13
4. Sou kèk lòt sikonstans				
Moun ki mouri sou etikèt vòlò		-	-	-
Etikèt kidnapè/bandi		-	-	-

Analiz ak kòmantè pou 47yèm rapò sou vyolans nan zòn metwopolitèn nan

Men ki sa k te pase nan trimès la

Nan trimès ki sòt pase a, Komisyon Jistis ak Lapè dokimante **284** ka kote moun viktim vyolans, epi **183** nan yo mouri ak bal. Nan trimès anvan an te genyen **296** ka, kote **230** mouri ak bal. Sitou nan mwa jen te genyen mwens asasina (**49** ka) nan zòn metwopolitèn nan. Si chak jou plis pase **3** moun pèdi vi yo anba vyolans, **2** nan yo se anba vyolans ak zam. Vyolans ak zam fè yon bese nan mwa jen 2013 la. Men tan an twò kout pou n tire konklizyon valab sou direksyon ensekirite a vle pran. Li nesèsè pou note tou, sa Komisyon an kapab verifye pa kouvri tout reyalite vyolans k ap fèt la. *Yo fè n konnen tou, genyen gang, tankou nan Santo 11 nan plèn Kil Desak, ki antere viktim yo apre yo fin touye yo, sitou nan ka kidnapin.*

Komisyon an panse gwo defi se pou rezilta sila a kapab dire, pou vyolans nan sosyete a kapab fè bak toutbon. Men ki sa k fè n genyen dout, pou n ta di nou nan yon rezilta dirab toutbon :

- Zam yo toujou la nan men sitwayen ak sitou nan men gwoup ame yo ; okontrè, plizyè temwayaj vin jwenn nou ki fè nou konnen nan kèk katye popilè gen zam k ap bay pou rezon politik, tankou nan Site Solèy ;
- Sa montre pratik pouvwa a ak politisyen yo pokò chanje : se ak fòs ilegal yo vle kontwòle teren an. Nenpòt lè, vyolans la kapab reprann ak plis fòs selon sa konjonkti politik la mande, tankou nan moman eleksyon ;
- Lapolis pokò kapab asire sekirite peyi a, li pa prezan an fòs nan plizyè katye ak nan seksyon kominal yo ; okontrè, plizyè kote yo fè n konnen lapolis konplis nan zak ensekirite ;
- Gouvènman an pa montre li genyen yon politik sekirite piblik efikas ak yon volonte politik pou reponn bezwen fondamantal popilasyon an genyen.

Nan rapò anvan yo, Komisyon an te montre jan politik la mare ak vyolans la. Anvan lontan peyi a dwe antre nan yon pwosesis elektoral. Kesyon ki poze : Kilès ki pwofite konfizyon an ? Ki jan pou separe pratik politik yo ak vyolans ? Ki jan pou fè politisyen yo, fanm kou gason, konprann li pa posib pou tabli demokrasi ak yon Leta dedwa ak moun ki vle mache nan chimen vyolans ak koripsyon ?

Nan menm peryòd la, kantite moun ki viktim anba aksidan trafik vin pi ogmante, nou te konte **33** ka nan 3 mwa, **21** se nan mwa jen 2013. Nan trimès anvan an sete **19**.

- a. Lapolis fè anpil jefò pou kontwòle moto pou afè sekirite. Men li enpòtan tou pou note gwo kamyon k ap kondwi ak anpil agresivite; yo konn frape machin prive san yo pa kanpe. *Yon chofè kamyon te touye madam Antoinette Beaumont Tomasek ; kamyon an fonsè sou ti machin li nan dat 26 jen 2013.*
- b. Li nesèsè pou siyale danje ki genyen nan trafik lè chofè ap sèvi ak telefòn lè yo deyè volan.

- c. N ap swiv ak anpil atansyon fason y ap aplike tout mezi lapolis te anonse kont tout moun ki pran tèt yo pou otorite lè yo mache ak jiwofa, vit tente, sirèn ki rezève pou lapolis, elatriye.
- d. Jan senp sitwayen ak sitwayèn blije monte nan bis ak kamyonèt transpò piblik pa bon. Kondisyon vwayaj la fè n sonje istwa peyi n ak trèt moun nwa yo nan tan lakoloni.
- e. Anpil kote, twou egou nan kapital la menm pa kouvri.

Nan menm epòk la te genyen 5 moun ki pèdi vi yo nan dife. De (2) timoun, Alvensky Pously, 3 lane, ak Steevenson Dimanche ki te genyen 9 mwa, pèdi vi yo lè dife eklate nan yon depo kote yo t ap estoke pwodui petwoilye tankou gazolin, dyezèl ak lòt toujou, nan yon kay prive nan zòn Maryani. Sa te fèt jou ki 12 me 2013.

Yon bagay menm jan te rive nan dat 30 me 2013, nan mache Dipò nan Pòtoprens kote yo t ap estoke ansanm klòwòks ak angrè, sa k ta lakòz dife a eklate ki touye 3 moun, li blese 20 lòt, san konte lòt dega materyèl ki te genyen. Nou dwe di pratik sa a se yon bagay ki rive souvan nan zòn metwopolitèn nan. Otorite yo pa janm pran okenn mezi sekirite pou kalite katastwòf sa yo pa repete.

Komisyon an konstate pa janm genyen yon sistèm sekirite ki kòrèk pou pwoteje machann ak machandiz nan mache yo. Tout moun konnen se kout ponya ak prete lajan labank pou gwo enterè ki pèmèt yo fonksyone. Lè gen dife, Leta pa janm akonpaye yo, men se pwopagann ak politik y ap fè sou yo.

Asasinay ak zam blanch wo anpil : **32** ka nan 3 mwa. Nan peryòd 3 mwa anvan an sete **19** ; epi nan dènye trimès 2012 la sete **25**. Li nesèsè pou n ta konnen pou ki rezon popilasyon an panse li dwe fè tèt li jistis konsa, menm si otorite yo klewonnen sa pa dwe fèt. Komisyon an konstate gwo piblisite pakè a ap fè nan Pòtoprens pou mete fren nan pratik sila a ; sa se yon bagay kòrèk paske se pa wòl sitwayen yo pou fè tèt yo jistis. Men Komisyon Jistis ak Lapè a kwè yon aparèy lajistis efikas ak yon aksyon lapolis ki kòrèk pi enpòtan anpil pou refè konfyans popilasyon an, pase tout reklam ak espòt piblisite nan radyo ak tele.

Gen plizyè lòt fòm vyolans grav k ap boulvèse lespri popilasyon an. Kidnapin, menm si yo pa pale twòp sou li, toujou la. Anpil brakaj, vòl, òldòp fè moun viktim chak jou nan kapital la. Moun yo pran kamyonèt transpò piblik ak kè yo sou biskèt. Gen moman bonè nan maten (4trè – 5kè) moun blije sòti ak gwo danje k ap menase lavi yo poutèt awousa ak bandi ki kache nan tout kwen pou fouye ak touye. Finalman, popilasyon an konnen, si yon bagay rive, pa gen moun k ap pran defans yo. Menm si lapolis ankouraje moun pote plent, sa pa mete konfyans.

Pledwaye pou yon sèvis lamedsìn legal konpetan ak efikas nan sèvis sistèm penal Ayisyen an

Lajistis dwe garanti Leta dedwa, konsa li dwe pote konfyans ak pwoteksyon pou kò sosyal la. Sistèm penal Ayisyen an manke anpil, li pa efikas, li pa pote rezilta kòm sa dwa. Konbyen pwosè penal ki reyalize, kote tout bagay fèt selon règjwèt lalwa fikse ?

Nou pa vle ale twò lwen, men lè n gade dènye 10 lane yo, selon sa Komisyon an konnen, plis pase 8.549 moun mouri ak bal, zam blanch; lòt moun touye tèt yo, oubyen yo pèdi vi yo nan diferan kalite aksidan. Kesyon fondamantal la se : **Eske genyen yon pratik pou jere epi egzaminen kote krim nan fèt la yon fason pou detèmine nan ki sikonstans moun sa yo te pèdi vi yo ?** Repons la se non.

Sitiyasyon sa a lakòz anpil pwosè pa byen fèt, sa k fè pi plis moun toujou pa fè lajistis konfyans. Sa fè n poze tèt nou kesyon sou lamedsìn legal ki pa egziste nan sistèm penal Ayisyen an. Reyalite sa a fè lajistis Ayisyen an pa an sante, paske reskonsab politik ak jidisyè yo pa genyen volonte politik vre pou konstwi yon lajistis ki yon eleman enpòtan k ap rive tabli respè epi garanti lòd sosyal la.

Kisa lamedsìn legal la ye ?

Lamedsìn legal la se yon branch nan lasyans medikal ki pou detèmine ki sa ki lakòz blese yon viktim genyen ak lòt sikonstans ki kapab lakòz lamò l, ki mare ak yon seri zak ki te kapab pwovoke l. Se otòpsi a (egzamen kadav viktim nan) ki apiye rechèch sa yo.

Lamedsìn legal la enterese tou nan diferan sitiyasyon vyolans ki fèt sou moun vivan yo (lè yo pran kou, lè yo blese yo, lè gen vyolans seksyèl, elatriye). Lamedsìn legal la pèmèt yo wè degre ak konsekans diferan sitiyasyon twomatis genyen (kote moun pran diferan kalite chòk) : nan domèn sikolojik, jidisyè, etik ak sosyal. Yo kapab egzaminen viktim ki vivan toujou pou diferan rezon lè lajistis mande sa ; yo kapab fè egzamen tou san lajistis pa mande l, men sou demann viktim yo menm.

Objektif lamedsìn legal la se pwoteje sosyete a, se fè dwa ak devwa moun vanse, se fè respekte entegrite moun nan nan tout sa l ye : nan kò l ak nan lespri l. Li chèche pote yon repons sou kesyon medikal ki genyen rapò ak dwa ak devwa moun anndan sosyete a. Objektif lamedsìn legal la se pa geri moun ki malad oswa ki blese, men se **eklere epi dirije jij la pandan li montre li sa k laverite sou yon seri kesyon ki mare ak zak ki te poze yo.**

Lamedsìn legal la enpòtan selon enterè ka yo ki prezante devan l genyen. Si yon doktè ou medsen kenbe lavi kliyan li nan men l, medsen legal la anpil fwa dwe pwononse l sou yon seri kesyon ki kapab mete lavi moun andanje oswa ki kapab menase libète, mwayen ak onè yo.

Ki wòl komisè Gouvènman an genyen nan ankèt ki dwe fèt sou yon krim ?

Atik 22 nan Kòd enstriksyon kriminèl la di konsa : « **Nan tout ka kote yo kenbe moun men nan sak, si zak la merite yon pèn afliktif ou enfamant, komisè Gouvènman an dwe ale sou plas, depi li kapab, san pèdi tan, pou drese pwosè vèbal la ki nesèsè, pou konstate kò deli a, nan ki eta li ye, ki jan anviwònman an ye, pou resevwa deklarasyon moun ki te temwen oubyen ki kapab bay li bon jan enfòmasyon.** »

Atik sa a di akèl ki wòl fondamantal komisè Gouvènman an genyen ak ki sa ki wòl li. Atik 34 nan Kòd enstriksyon kriminèl la pale sou lòt pwofesyonèl ki kapab vin asiste Komisè a nan rechèch l ap fè yo :

Men ki sa atik 34 la di : « **Si se pou yon lanmò ak vyolans, oswa pou yon lanmò kote kòz la pa klè oswa li sispèk, komisè Gouvènman an ap mande youn ou de medsen, medsen chirijyen oswa ofisye lasante pou vin asiste l ; yo menm y ap fè pwòp rapò yo sou sa ki lakòz lanmò a ak eta kadav la. Moun yo mande yo [...] ap prete sèman devan Komisè a pou fè rapò yo epi pou bay avi yo selon onè yo epi ak konsyans. »**

Sa ki klè : baz fondamantal ankèt la se depi kote zak la fèt la pou l byen kòmanse. Yo dwe pwoteje kote krim nan fèt la, chèche jwenn tout enfòmasyon ak endikasyon ki enpòtan, ranmase tout objè ak echantiyon ki ta kapab itil pi devan. Pandan tout etap investigasyon an, tout sa yo jwenn y ap gade yo yon kote ki byen pwoteje. Diferan pwen sa yo enpòtan pou fè yon bon ankèt.

Komisè Gouvènman an, lapolis syantifik ak teknik, ansanm ak medsen legal yo fòme yon ekip solid pou fè ankèt la abouti. Se konpetans yo k ap detèmine ki direksyon ankèt la ap swiv.

Komisyon Jistis ak Lapè konstate pou prèske tout krim k ap fèt nan lari, ni nan kay prive ak nan lòt kote, pa genyen yon volonte pou fè oswa yo pa pran swen pou tanmen yon ankèt. Yo pa respekte tout sa lalwa mande, epi diferan aktè yo ki dwe la yo pa reyini pou defann enterè sosyete a.

Pafwa menm, genyen eskandal ki pete nan mòg yo, sitou nan kapital la, kote yo akize kwòkmò yo kòm kwa se yo ki touye moun ki te sanble mouri paske yo panse se yon ka zombifikasyon. Nan tout sosyete ki byen òganize, lè yo deklare yon moun mouri, genyen yon medsen ki konstate lanmò li epi ki delivre yon sètifika desè. An Ayiti, nou pokò rive la.

Ki jan yo kondane oswa libere yon moun ak prèv syantifik yo nan yon pwosè penal ?

Kapasite pou fè yon ankèt penal se yon afè ki nan men Leta. Se devwa l pou devlope yon politik ki pwoteje sitwayen yo kont tout zak abitè ak gwo ponyèt. Konsa, menm yon moun yo akize kapab mande lamedsin legal pou ede l demontre li pa koupab, pa egzanp lè yo lonje dwèt sou yon moun yo akize pou vyòl.

Plizyè atik nan Kòd enstriksyon kriminel la, nan Kòd penal la ak nan Kòd sivil la pale sou konpetans medikal la ki dwe sèvi nan ankèt jidisyè yo.

Pwopozisyon ak rekòmandasyon Komisyon an fè

Otorite yo dwe aji prese prese sou diferan pwen sa yo :

1. Fòk Leta òganize kesyon trafik woutye a. Sa vle di:
 - a. Yo dwe amelyore lalwa peyi a nan domèn trafik woutye, pou l kapab reponn pi byen ak reyalite peyi a ni ak kritè entènasyonal yo. Fòk yo aplike diferan mezi pou ogmante sekirite popilasyon an.
 - b. Ministè travo piblik, transpò ak kominikasyon, epitou meri yo ki nan zòn metwopolitèn nan dwe pran mezi pou sikilasyon kapab fèt nan pi bon kondisyon.

- c. Sèvis Leta yo dwe fè yon jan pou kouvri tout twou egou yo ki ouvè kounye a epi ki lakòz aksidan ak moun blese nan lari.
2. Fòk Leta pran mezi pou amelyore kondisyon vwayaj pasaje nan transpò piblik yo.
 - a. Kondisyon yo dwe annakò ak diyite moun genyen.
 - b. Fòk Leta gen je louvri sou kesyon sekirite fizik nan transpò piblik la.
 3. Fòk Leta pran mezi pou pwoteje sekirite piblik nan kad kòmès :
 - a. Leta dwe pran mezi nan ka estokaj diferan kalite pwodui ki gen danje dife ladan l tankou gazolin ak dyezèl k ap vann nan lari ak nan kay prive.
 - b. Leta dwe òganize yon sèvis sekirite espesyal ak pèmanan pou mache piblik yo ki toutan ap pran dife.
 4. Komisyon Jistis ak Lapè kontinye ap plede pou yon Leta reskonsab nan zafè zam :
 - a. Komisyon an repete li nesèsè pou Leta retire nan men sitwayen yo tout zam ki pa rejistre yon fason kòrèk oswa kote mèt li pa genyen kapasite pou sèvi ak li san pa gen abi k ap fèt.
 - b. Leta dwe kontwole tout trafik ak komès zam ak bal.
 - c. Palman an dwe revize epi adapte diferan lwa yo ki genyen sou zafè zam nan peyi a.
 5. Fòk Leta devlope tout sa k nesèsè pou fè ankèt yo abouti :
 - a. Lamedsin legal la dwe devlope kòm sa dwa pou pèmèt bon jan ankèt fèt.
 - b. Fòk lajistis ak lapolis aplike lalwa kòm sa dwa sou fason pou fè ankèt jidisyè yo, pou pèmèt ankèt yo abouti .
 6. Komisyon an soutni tout jefò pou konbat jistis popilè ak egzekisyon somè. Li fè otorite yo sonje se devwa yo pou popilasyon an kapab fè lajistis ak tout sèvis li yo konfyans.

Sèvis obsèvasyon Komisyon an

Analyse et commentaire du 47^{ième} rapport de violence à travers la zone métropolitaine

Les faits saillants du trimestre

Au cours du trimestre la Commission a documenté **284** cas de victimes de la violence, dont **183** sont mortes par balles. Pour le trimestre précédent il y avait **296** victimes, dont **230** par balles. Surtout au mois de juin, il y avait une diminution du nombre d'assassinats (**49** cas) dans la zone métropolitaine. Si chaque jour on compte plus de **3** victimes de la violence, **2** en moyenne sont des victimes de la violence armée. Le nombre de victimes de la violence armée a donc diminué en juin 2013 ; le temps est trop court pour tirer des conclusions valables sur les tendances dans l'avenir. Il est important de noter, que les constats de la Commission ne couvrent pas toute la réalité. En effet, des informations font état par exemple de gangs, comme à *Santo II dans la Plaine du Cul de Sac, qui enterrent les victimes tuées surtout dans le cas de kidnapping.*

La Commission croit que le grand défi est de créer des résultats durables, pour que la violence diminue et disparaisse. Mais nous avons des doutes sur la possibilité d'atteindre ce genre de résultats :

- Il n'y a pas eu de désarmement ; les armes restent entre les mains des citoyens et groupes armés ; au contraire des témoignages font état de quartiers populaires où pour des raisons politiques des armes sont distribuées, comme à Cité Soleil.
- Ceci prouverait que les pratiques du pouvoir et des politiciens n'ont pas encore changé pour chercher à contrôler le terrain avec des forces illégales. A tout moment la violence peut reprendre selon la nécessité de la conjoncture politique, comme au moment des élections.
- La police n'est pas encore en mesure d'assurer la sécurité du pays ; elle est absente dans bon nombre de quartiers et dans les sections communales ; au contraire, on fait état de la complicité de certains agents de police dans des actes d'insécurité.
- Le Gouvernement ne donne pas preuve de l'existence d'une politique de sécurité publique efficace et d'une volonté de répondre aux besoins fondamentaux de la population en la matière.

Dans les rapports précédents, la Commission Justice et Paix a établi des liens entre politique et violence en Haïti. Bientôt le pays devra s'engager dans un processus électoral. La question qui s'impose est de savoir à qui profite la confusion ? Comment opérer une séparation entre pratiques politiques et violence ? Comment faire à ce que les politiciens, hommes et femmes, comprennent qu'il est impossible d'établir une démocratie et l'Etat de droit avec des personnes qui s'engagent dans le chemin de la violence et de la corruption ?

Dans cette même période, le nombre de victimes du trafic routier était assez élevé : nous en avons compté **33** cas dans 3 mois ; **21** pour le seul mois de juin 2013. Le trimestre précédent totalisait **19** victimes.

- La police déploie beaucoup d'effort pour contrôler les motos. Mais il est important d'attirer l'attention sur les poids lourds qui sont très agressifs dans la circulation ; parfois ils frappent

des voitures privées sans s'arrêter. *Un chauffeur d'un camion a foncé la voiture de madame Antoinette Beaumont Tomasek et a tué son chauffeur ; cela s'est passé le 26 juin 2013.*

- Il est nécessaire de signaler le danger que représente le téléphone portable entre les mains des chauffeurs.
- La Commission suit avec beaucoup d'intérêt la suite qui sera donnée aux mesures annoncées par la police contre ceux qui se croient investis des prérogatives d'autorité dans le trafic routier et qui se servent abusivement de gyrophares, vitres teintées, sirènes à caractère ambulancier ou policier, etc.
- Le traitement et conditions de voyage des simples passagers dans le transport public méritent d'être amélioré, parce que les conditions actuelles ressemblent trop aux conditions de transport des négriers.
- Les trous d'égouts dans la capitale demandent d'être bouchés.

Dans le même trimestre 5 personnes ont été calcinées par le feu. Deux enfants, Alvensky Pously, 3 ans, et Steevenson Dimanche, âgé de 9 mois, ont perdu la vie suite à un incendie qui a éclaté quand un dépôt attaché à la maison, qui contenait gazoline, gasoil et autres produits inflammables, a pris feu. Cela s'est fait à Mariani le 12 mai 2013.

Un autre fait du même genre a eu lieu le 30 mai 2013, au marché du Port de Port-au-Prince, quand un dépôt de stockage de chlorox et d'engrais a pris feu avec 3 morts comme résultat, à part 20 autres blessés et des dégâts matériels importants. La pratique de stocker des produits inflammables et dangereux, là où habitent des gens, est courante dans la zone métropolitaine. Les autorités doivent prendre des mesures pour prévenir des catastrophes de ce genre.

Nous constatons qu'il n'y a pas de système de sécurité correct pour protéger les marchands (es) et leurs marchandises. Tout le monde sait que c'est à des tarifs d'usurier et des prêts bancaires à des intérêts élevés que ces gens fonctionnent. En cas d'incendie, les autorités se limitent à la propagande politique, au lieu de les assister économiquement.

Le nombre des assassinats par arme blanche également est élevé: **32** cas en 3 mois. Le chiffre de la période précédente s'élevait à **19** et la dernière période de 2012 en dénombrait **25**. Il est nécessaire de connaître les motifs qui poussent la population à de telles pratiques, même si les autorités déclarent haut et fort leur désaccord. La Commission constate la publicité faite par le parquet de Port-au-Prince pour décourager les gens; ceci est certes une position correcte. Seulement, la Commission croit qu'un appareil judiciaire efficace et des actions policières correctes soient plus importants pour redonner confiance aux gens, que des spots publicitaires dans la radio et la télé.

Plusieurs autres formes de violence bouleversent l'esprit de la population. Le kidnapping est toujours présent, même s'il on en parle moins. Les braquages, hold-ups, vols font des victimes quotidiennement dans la capitale. Les gens se servent du transport en commun avec la peur dans les esprits. Depuis vers 4 ou 5 heures du matin, bon nombre de gens se voient dans l'obligation de sortir et de livrer aux bandits cachés pour les dépouiller ou même tuer. Finalement, les gens savent bien, si quelque chose leur arrive, personne ne prendra leur défense. La police encourage les gens à dénoncer les faits, mais les citoyens et citoyennes restent méfiants.

La médecine légale un élément essentiel, une nécessité pour réaliser des enquêtes criminelles effectives

La justice comme gardienne de l'état de droit se doit d'inspirer confiance, honneur et protection au corps social. Le système pénal haïtien accuse de déficit très sérieux en terme de performance voire de résultats. Combien de procès pénaux qui se sont réalisés dans le strict respect des procédures tracées par la loi ?

Au cours des dix dernières années, au moins **8.549** personnes ont été tuées soient par balle ou l'arme blanche ; certaines se sont suicidées ou étaient victimes d'accidents tragiques. La question fondamentale qui se pose, est : **existe-t-il une pratique d'expertise de la scène de crime pour déterminer les circonstances dans lesquelles ces personnes ont trouvé la mort ?** La réponse est négative.

Cette situation entraîne bon nombre de procès bâclés et augmente la méfiance des citoyens et citoyennes envers la justice. Tous ces problèmes nous amènent à poser la question de l'absence effective de la pratique de la médecine légale dans le système pénal haïtien.

Cet état de fait, rend très mal la santé de la justice haïtienne puisqu'il y a une absence sur toute la ligne de la volonté réelle des responsables tant politique que judiciaire, de manière à avoir une image garante de la justice comme un élément important qui stabilise l'ordre social.

C'est quoi la médecine légale ?

La médecine légale est une spécialité de la science médicale qui détermine les causes des lésions d'une victime et les autres circonstances qui auraient entraîné un décès ; son principal support est l'autopsie.

Comme champ d'intervention, la médecine légale s'intéresse également aux situations de violence subies par les survivants (coups et blessures, violence sexuelles etc.). Elle donne la possibilité de voir les conséquences tant psychologiques, judiciaires, éthiques et sociales des situations de traumatisme. Les examens de victimes vivants peuvent se faire dans un cadre judiciaire soit à travers des réquisitions et expertises ou de façon extrajudiciaire suivant la demande des intéressés.

La médecine légale a pour but le maintien du lien social, le respect de l'intégrité physique et psychologique de la personne humaine. Elle consiste à apporter la résolution de toutes les questions médicales portant sur les droits et devoirs des hommes réunis en société. Le but initial de la médecine légale n'est pas de guérir mais **de diriger le juge et de l'éclairer pour lui faire connaître la vérité sur une série de questions liées aux dossiers judiciaires.**

L'importance de la médecine légale résulte de la gravité des intérêts sur lesquels s'exerce son action. Si le praticien a en main la vie de son client, le médecin légiste a bien souvent aussi à se prononcer sur des questions qui mettent en péril la vie, la liberté, la fortune et l'honneur des gens.

Quel est le rôle du Commissaire du Gouvernement lors d'un crime ?

L'article **22** du Code d'instruction criminelle est ainsi conçu : « **Dans tous les cas de flagrant délit, lorsque le fait est de nature à entraîner une peine afflictive ou infamante, le Commissaire du Gouvernement se transportera, s'il est possible, sur les lieux, sans aucun retard, pour y dresser les procès-verbaux nécessaires à l'effet de constater le corps du délit, son état, l'état des lieux, et pour recevoir les déclarations des personnes qui auraient été présentes, ou qui auraient des renseignements à donner.** »

L'article cité explique le rôle fondamental du Commissaire du Gouvernement dans le cadre de sa mission. L'article **34** du Code d'instruction criminelle fait appel à d'autres professionnels pour venir assister le Commissaire dans ses recherches.

Cet article 34 stipule ce qui suit « **S'il s'agit d'une mort violente, ou d'une mort dont la cause soit inconnue et suspecte, le Commissaire du Gouvernement se fera assister d'un ou de deux médecins, chirurgiens, ou officiers de santé, qui feront leur rapport sur les causes de la mort et sur l'état du cadavre. Les personnes appelées, dans le cas du présent article [et de l'article précédent,] prêteront devant le Commissaire, le serment de faire leur rapport et de donner leur avis en leur honneur et conscience.** »

En clair, c'est sur les lieux de l'acte que la base fondamentale de l'enquête doit être jetée. Protéger la scène de crime, recueillir des informations et indices pertinents, effectuer des prélèvements et autres. A toutes les phases de l'investigation les éléments recueillis doivent être mis sous scellé. Ces points sont importants pour l'enquête.

Le Commissaire du Gouvernement, la police scientifique et technique, de concert avec les médecins légistes forment l'appareil solide de l'enquête. C'est l'expertise qui aura à déterminer les directions à entreprendre au niveau de l'enquête.

La Commission Justice et Paix a signalé et observé bon nombre de crimes commises soit dans les rues, soit dans des lieux privés et ailleurs, mais le constat général s'impose que très peu de soin est pris pour bien mener l'enquête. Les obligations faites par la loi ne sont pas respectées ; les acteurs ne se rencontrent pas pour la cause de la société.

Souvent, des scandales éclatent dans des morgues du pays particulièrement dans la capitale, où des croque-morts sont accusés de pratiquer des décès forcés pensant qu'il s'agit des cas de zombification. Dans toute société organisée, un certificat de décès est délivré par un médecin qui constate la mort de l'individu. On n'est pas encore à ce stade en Haïti !!

Comment arriver à condamner ou libérer un accusé dans un procès sous base de preuve scientifique ?

L'expertise pénale est une affaire de l'Etat qui doit élaborer une politique qui rassure les citoyens contre l'arbitraire. Il est de son devoir d'élaborer une politique qui protège les citoyens contre l'arbitraire. Ainsi, même une personne accusée d'un acte (comme le viol par exemple) peut demander l'apport de la médecine légale pour prouver son innocence.

Les articles du Code d'instruction criminelle, du Code pénal et du Code civil relatifs à l'expertise médicale sont : les articles 11, 12, 19, 33, 34, 69, 72, 135, 165, 210, 251, 402 du Code d'instruction criminelle ; les articles 122, 240, 246, 254,255, 256, 262, 263 du Code pénal haïtien, et les articles 80 et 1168 du Code civil haïtien.

Propositions et recommandations de la Commission

Les autorités de l'Etat doivent d'urgence intervenir sur ces différents points:

1. L'Etat doit organiser mieux le trafic routier, ce qui signifie:
 - a. Améliorer la législation existante pour l'adapter aux réalités locales du pays, tout en considérant les normes internationales en la matière. Il faut appliquer des mesures pour améliorer la sécurité de la population.
 - b. Le Ministère des travaux publics et de la communication, de concert avec les mairies de la zone métropolitaine doivent prendre toutes les mesures qui s'imposent pour améliorer la condition du trafic routier.
 - c. Les services étatiques doivent couvrir les trous d'égouts à ciel ouvert qui sont la cause de nombreux accidents et blessés.
2. L'Etat doit prendre des mesures pour améliorer les conditions de voyage des passagers dans le transport public :
 - a. Les conditions générales doivent respecter la dignité humaine.
 - b. L'Etat doit veiller sur la sécurité physique dans le transport public.
3. L'Etat doit prendre des mesures de sécurité publique dans la cadre du commerce :
 - a. Il doit prendre des mesures dans le cas de stockage de produits dangereux et inflammables comme la gazoline et le diesel qui se vendent dans les rues et les maisons privées.
 - b. L'Etat doit organiser un service de sécurité spécial et permanent au niveau des marchés publics qui prennent le feu à tout bout de champ.
4. La Commission Justice et Paix continue à plaider pour que l'Etat prenne ses responsabilités en matière des armes qui circulent :
 - a. La Commission réitère son appel à un désarmement de toutes les armes qui ne sont pas enregistrées correctement ou des armes entre les mains de personnes qui constituent un danger.
 - b. L'Etat doit contrôler le commerce des armes et de munitions.
 - c. Le Parlement doit réviser et adapter les différentes lois existantes en matière des armes.
5. L'Etat doit prendre toutes les mesures et dispositions nécessaires pour permettre le tenu de bonnes enquêtes judiciaires
 - a. La médecine légale doit être développée et mise en valeur pour permettre de réaliser de bonnes enquêtes.

- b. La justice et la police doivent appliquer les lois correctement pour permettre la tenue de bonnes enquêtes judiciaires qui mènent à des résultats.
6. La Commission encourage tous les efforts déployés pour combattre la justice expéditive et les exécutions sommaires. Elle rappelle aux autorités qu'il est de leur devoir d'agir de sorte que la population puisse faire confiance à la justice et à ses services.

Le service d'observation de la Commission
Me Rovelsond Apollon, Av

Tablo vyolans soti avril pou rive jen 2013

Tablo vyolans mwa avril 2013

Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou non viktim nan	Viktim gason/fanm	Esplikasyon nou ranmase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	Ki idantite otè zak la
Lendi 1 avril 2013, nan lajounen	Yon gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Site Solèy, zòn Waf Jeremi	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Madi 2 avril 2013, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Kapwa	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Mèkredi 3 avril 2013, nan maten	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Sentonore	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Mèkredi 3 avril 2013, nan lajounen	Yon jèn gason yo idantifye	Gason	Viktim nan mouri nan yon aksidan machin.	kafou, Wout Ray	Aksidan machin	Enkoni
Mèkredi 3 avril 2013, nan lajounen	Rodrigue Dorcelon,	Gason	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma, Dèlma 2	Bal gang	Enkoni
Mèkredi 3 avril 2013, nan maten	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Viktim nan mouri nan aksidan machin nan lari. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Aksidan machin	Enkoni
Mèkredi 3 avril 2013, nan lapremidi	Sadrack Demelus	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, zòn Mache Salomon	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Jedi 4 avril 2013, nan maten	Dupervil Junedolia	Fanm	Yo jwenn li mouri nan lari. Kòz lanmò l pat idantifye. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Kwadèboukè, Bon Repo	Kòz yo pa idantifye	Enkoni
Jedi 4 avril 2013, nan maten	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Yon gwoup moun yo pa idantifye lapide viktim nan ak kout wòch ak baton.	Kwadèboukè	Zam blanch	Enkoni
Vandredi 5 avril 2013, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma, Dèlma 4	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Samdi 6 avril 2013, nan lajounen	Yon jèn gason yo idantifye	Gason	Yon gwoup moun rache viktim nan ak plizyè kout manchèt anba akizasyon bandi.	Site Solèy, zòn Ti Ayiti	Zam blanch	Enkoni
Samdi 6 avril 2013, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Yon gwoup moun yo pa idantifye lapide viktim nan ak kout wòch ak baton.	Site Solèy, zòn Asko	Zam blanch	Enkoni
Samdi 6 avril 2013, nan lajounen	Etienne Sodesse	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma 24, Ri Karavèl	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni

Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou non viktim nan	Viktim gason/fanm	Esplikasyon nou ranmase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	Ki idantite otè zak la
Dimanch 7 avril 2013, nan lajounen	Richardson Zetrenne	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma, Dèlma 33	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Dimanch 7 avril 2013, nan lajounen	Nicolas Joseph	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Pòtay Lewogàn	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Dimanch 7 avril 2013, nan maten	Franz Cenat	Gason	Moun yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè kout kouto.	Pòtoprens, Wout Pis	Zam blanch	Enkoni
Dimanch 7 avril 2013, nan lajounen	Robert Cangar	Gason	Viktim nan resewa bal nan lari, rive nan ijans lopital li mouri. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Lopital Bèna Mevs	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Dimanch 7 avril 2013, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Yon gwoup moun yo pa idantifye lapide viktim nan ak kout wòch ak baton.	Pòtoprens, Ri Feliks	Zam blanch	Enkoni
Dimanch 7 avril 2013, nan lajounen	Briceus Wilner	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma, Dèlma 19	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Dimanch 7 avril 2013, nan aswè	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Selon kèk temwayay, viktim nan ta rantre nan yon legliz pou l al vòlò, sekirite a touyel ak plizyè bal.	Site Solèy, zòn Tè Nwa	Bal nèg yo idantifye	Enkoni
Dimanch 7 avril 2013, nan maten	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kafou, Monrepo 44	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Dimanch 7 avril 2013, nan maten	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Kapwa	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Mèkredi 10 avril 2013, nan lajounen	Jean Nicolas	Gason	Viktim nan resewa bal nan lari, rive nan ijans lopital li mouri. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Mèkredi 10 avril 2013, nan lajounen	Ti Respè	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Kapwa	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Mèkredi 10 avril 2013, nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Wout Pis	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Mèkredi 10 avril 2013, nan maten	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kwadèboukè, zòn Kwadèmisyon	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Mèkredi 10 avril 2013, nan maten	Yon jèn gason 1 yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Fontamara 43	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni

Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou non viktim nan	Viktim gason/fanm	Esplikasyon nou ranmase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	Ki idantite otè zak la
Mèkredi 10 avril 2013, nan maten	Yon jèn gason 2 yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Fontamara 43	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Jedi 11 avril 2013, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Viktim nan resewa bal nan lari, rive nan ijans lopital li mouri. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Lopital Medsen Sanfwontyè	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Jedi 11 avril 2013, nan lajounen	Levy Patrick	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kafou	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Jedi 11 avril 2013, nan maten	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Boulva J. J. Desalin	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Jedi 11 avril 2013, nan maten	Yon ti bebe yo pa idantifye	Enkoni	Yo jwenn ti kò ti viktim nan lari. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Kòz yo pa idantifye	Enkoni
Jedi 11 avril 2013, nan lajounen	Saint Fort Immaculeuse	Fanm	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Lantèman	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Vandredi 12 avril 2013, nan lajounen	Saint Jacques Dimitry	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Matisan 23	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Samdi 13 avril 2013, nan lajounen	Enock Attenon	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Samdi 13 avril 2013, nan lajounen	Eldimé Betho	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma, Dèlma 33	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Samdi 13 avril 2013, nan lajounen	Estimé Balnave	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma, Dèlma 48	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Samdi 13 avril 2013, nan lajounen	Bernard Jean Bart	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Makajou	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Samdi 13 avril 2013, nan lajounen	Marcelin Mackendy	Gason	Yon gwoup moun yo pa idantifye lapide viktim nan ak kout wòch ak baton.	Pòtoprens, Fontamara	Zam blanch	Enkoni
Dimanch 14 avril 2013, nan lajounen	Dieucoit Toussaint	Gason	Yon gwoup moun yo pa idantifye touye viktim nan ak kout kouto.	Kafou Fèy	Zam blanch	Enkoni
Dimanch 14 avril 2013, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Matisan 2-A	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Lendi 15 avril 2013, nan lajounen	Steevenson Theobrun. L	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Mache Salomon	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Lendi 15 avril	Civil Meris	Gason	Yo jwenn viktim nan	Pòtoprens,	Bal nèg yo pa	Enkoni

Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou non viktim nan	Viktim gason/fanm	Esplikasyon nou ranmase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	Ki idantite otè zak la
2013, nan lajounen			mouri ak bal nan lari. Yo te transpòtel nan mòg lopital jeneral.	Lopital Jeneral	idantifye	
Lendi 15 avril 2013, nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Yo jwenn viktim nan mouri ak bal nan lari. Yo te transpòtel nan mòg lopital jeneral.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Lendi 15 avril 2013, nan lajounen	Smide Bastien	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèma, Dèlma 31	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Lendi 15 avril 2013, nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Petyon vil	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Madi 16 avril 2013, nan lajounen	Jackson Louis	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Madi 16 avril 2013, nan lajounen	Ricardo Théodon	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Disant	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Mèkredi 17 avril 2013, nan lajounen	Bernard Vil Jn Marc	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Petyon vil	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Jedi 18 avril 2013, nan lajounen	Mme Gabrielle Theasmond	Fanm	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Petyon vil	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Jedi 18 avril 2013, nan lajounen	Yon gason yo pa idantifye	Gason	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari, kòz lanmò l pa t idantifye. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Kòz yo pa idantifye	Enkoni
Vandredi 19 avril 2013, nan lajounen	Yon jèn gason yo idantifye	Gason	Yon moun yo idantifye, touye viktim nan ak kout baton dèyè tèt li poutèt li ta kwè viktim nan wè l aprè li te fin voleyon yon fanm.	Maryani 2, Ri Frank Jis	Zam blanch	Yo idantifye l
Vandredi 19 avril 2013, nan lajounen	Alix Sanon	Gason	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, zòn Avni Foucha	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Samdi 20 avril 2013, nan lajounen	Joe Elson Charles	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Magazen Leta	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Lendi 22 avril 2013, nan lajounen	Yon gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Avni Kristòf	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Lendi 22 avril 2013, nan maten	Solette Mathieu	Fanm	Viktim nan mouri anba plizyè kout kouto.	Petyon vil	Zam blanch	Enkoni
Lendi 22 avril 2013, nan maten	Yon gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan	Pòtoprens, zòn Fakilte Dwa	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni

Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou non viktim nan	Viktim gason/fanm	Esplikasyon nou ranmase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	Ki idantite otè zak la
			ak plizyè bal.			
Lendi 22 avril 2013, nan lapremidi	Sony Elie Louissaint	Gason	Viktim nan ki se yon etidyan nan CEDJ resewa nan men nèg ak zam yo pa idantifye plizyè bal. Li mouri lapoula.	Nazon	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Madi 23 avril 2013, nan lajounen	Marc Villard	Gason	Viktim nan mouri nan aksidan machin kap sikile.	Pòtoprens, Bois Vèna	Aksidan machin	Enkoni
Madi 23 avril 2013, nan lajounen	Yon gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Nazon, Ri Bren Riko	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
